# Бозатаўда арнаўлы суў сақлағыш қорлары қурылмақта

Image not found or type unknown

Республикамыз халқын таза ишимлик суўы менен турақлы тәмийинлеп турыўшы «Түйемойын» суў сақлағышы тармағына Бозатаў районы Қазанкеткен суў жеткерип бериў қурылмасы жалғанбағанлықтан тараў қанигелери райондағы Еркиндәря каналының суўын арнаўлы суў сақлағышларда тындырыў ҳәм қосымша хиймиялық еритпелерди қосып зыянсызландырыў арқалы хожалықларды таза ишимлик суўы менен тәмийинлеп келмекте.

Ең қуўанышлысы,  ендигиден былай Бозатаў районы халқын  таза ишимликлик суўы менен тәмийинлеўдиң барлық иләжлары көрилип,  бүгинги күнде Қазанкеткен суў жеткерип бериў қурылмасында  улыўма бахасы 13 млрд сўм болған суўды филтрлеўши арнаўлы үскене,  200 куб суўды сақлаўшы арнаўлы суў сақлағыш қорларының қурылыс жумыслары усы айдың май айында басланып жедел пәтлер менен даўам етпекте.

Бозатаў районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети